Pou Piblikasyon Imedya: 17/05/2019 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLIS PASE 30 MILYON DOLA POU KONSTWI AK KONSÈVE 522 APATMAN ABÒDAB NAN VIL NEW YORK

Pati yon envestisman 175 milyon dola pou ofri 2,185 kay abòdab atravè Eta a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke yo te akòde 30 milyon dola bay sèt (7) devlopman lojman ki a pri abòdab nan Vil New York ki pral kreye oswa prezève 522 lojman ki a pri abòdab. Finansman an fè pati 175.4 milyon dola eta a ap akòde pou konstwi oubyen konsève plis pase 2,185 apatman abòdab ak revitalize kominote atravè 10 rejyon New York yo.

"Envestisman vital sa yo pral ranfòse kominote nan chak kwen eta a lè li kreye ak konsève kay abòdab pou fanmi, ansyen konbatan, granmoun aje ak kèk nan vwazen ki pi vilnerab nou yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè nou estratejikman revitalize katye atravè New York, nou ka respire yon nouvo vi anndan kominote sa yo, pou rann yo espas ki pi vibran pou jenerasyon k ap vini yo."

"Finansman konsiderab sa a fè pati efò nou pou ajoute ak kenbe lojman abòdab atravè eta a", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Nou vle asire nou tout Nouyòkè gen aksè a apatman bon kalite abòdad pandan n ap kontribye nan revitalizasyon kominote yo." Envestisman an fè pati plan lojman 20 milya dola nou an pou ajoute lojman abòdad ak sipèvize nan katye yo pou konbat fenomèn sanzabri ak amelyore kalite lavi."

Angajman Gouvènè an pran pou bay tout moun New York yo aksè a lojman ki sekirize epi a pri abòdab sa reflete nan Plan Lojman san presedan 20 milya dola sou senk ane a ke Eta a genyen. Plan an ap fè gen lojman ki aksesib epi konbat pwoblèm sanzabri a lè y ap konstwi epi prezève 100,000 inite lojman ki nan yo pri abòdab, ki gen ladan yo 6,000 inite lojman sipèvize.

Fon yo te disponib atravè Aplikasyon Finansman Inifye (Unified Funding Application) 2018 Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal) Eta New York la, ki se yon pwosesis rasyonalize pou aplike pou Kredi Taks Lojman pou Moun a Revni Fèb yo (Low-Income Housing Tax Credits) ak prè ki gen enterè fèb pou devlopman kolektif abòdab yo. Yo te finanse pwojè nan chak rejyon eta a yo.

Prim nan Vil New York yo pral reyalize objektif lojman Eta a pou bay lojman ki bay sipò, lojman pou adilt ki sanzabri, ak moun ki gen maladi mantal, ak/oswa yon pwoblèm toksikomani. Plizyè pwojè ke yo akòde yo se devlopman ki oryante nan transpò tou, ki pral bay aksè fasil a transpò piblik.

Prim yo finanse yon nouvo bilding fanmi ak etablisman sèvis kominotè nan katye Melrose sou yon teren endistriyèl redevlope ak yon opòtinite lojman abòdab kay pasif tou pre transpò piblik pou fanmi yo, ak espas magazen nan yon teren entèkalè ke Vil la posede nan katye Fordham/Belmont la. Anplis de sa, nouvo lojman granmoun aje yo—ak inite ke yo mete apa pou granmoun aje ki te sanzabri yo—pral kreye nan Sunset Park, Brooklyn, ansanm ak yon nouvo espas kominotè ak pwogram preskolè. Sibvansyon ki anonse jodi a kouvri:

- 2.5 milyon dola pou FAC 6309 Fourth Avenue nan Brooklyn, pou kreye 84 apatman abòdab pou granmoun aje ki gen ladan 26 kay ki bay sipò pou granmoun aje ki te sanzabri.
- 1.4 milyon dola pou Home Simpson nan Bronx, pou kreye 72 kay abòdab ki gen ladan 44 kay ki bay sipò pou moun ki te sanzabri.
- 1.6 milyon dola pou New Roads Plaza nan Bronx, pou kreye 95 apatman abòdab ak 57 kay ki bay sipò pou moun ki gen maladi mantal.
- 3.6 milyon dola pou 177th Street Residences nan Bronx, pou kreye 90 apatman abòdab ak 60 kay ki bay sipò pou moun ki gen maladi mantal.
- 5.6 milyon dola pou 4697 Third Avenue nan Bronx, pou kreye 53 kay abòdab ki gen ladan 8 kay ki bay sipò pou moun ki te sanzabri.
- 4.1 milyon dola pou Brook 156 nan Bronx, pou kreye 55 apatman abòdab ki gen ladan 9 kay ki bay sipò pou moun ki te sanzabri.
- 11.1 milyon dola pou Austin 147 nan Bronx, pou kreye 80 apatman abòdab e ki bay sipò pou moun ki te sanzabri.

Yon lis konplè finansman yo atribiye atravè tout eta a disponib isit la.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote yo nan Eta New York, te deklare, "Envestisman yo te anonse jodi an fè pati 175 milyon dola yo te akòde atravè Eta a pou konstwi sou elan ak resous san presedan Gouvènè Cuomo te angaje pou amelyore kominote New York yo depi 2011. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, n ap fè plis ke anvan pou ogmante aksè a lojman abòdab ak sipèvize, redwi sanzabri, revitalize katye ak ranfòse ekonomi lokal".

Senatè Brian Kavanagh, ki se Prezidan Komite Lojman Sena a (Senate Housing Committee), te deklare, "Nou bezwen asire nou Nouyòkè atravè eta a gen aksè a lojman ki bon, sekirize ak abòdab, epi anons prim Finansman Inifye jodi an make yon etap enpòtan nan direksyon pou revitalize kominote nou yo. Finansman sa a pral ede kreye ak konsève lojman abòdab, epi kenbe moun yo nan katye yo rele lakay yo".

Manm Asanble Steven Cymbrowitz, ki se Prezidan Komite Lojman Asanble a (Assembly Housing Committee) te di, "Inisyativ sa a ap fè avanse angajman kontini nou an pou kreye ak konsève estòk lojman abòdab ak sipèvize pou tout Nouyòkè, espesyalman sa ki pi vilnerab nou yo. Mwen kontan paske pwojè sa a pral ofri granmoun aje, jèn adilt ak lòt Nouyòkè posiblite pou yo rete manm vital ak angaje nan kominote nou yo".

Senatè Diane Savino te deklare, "Pandan ke New York ap vin pi chè, li enpòtan pou konstwi filè sekirite pou moun ki pi frajil nan kominote nou an, sitou granmoun aje yo. Lojman abòdab se yon envestisman enpòtan ki pral kontribye nan kwasans ekonomik

New York pou jenerasyon kap vini yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li defann envestisman sa yo epi pou angajman kontini li a lojman abòdab".

Senatè Luis Sepulveda te deklare, "New York, osi byen ke rès peyi a, ap fè fas a yon kriz sanzabri reyèl ki egzije pou solisyon estratejik ak konplè sa yo pou konbat li yon fwa pou tout. Avèk envestisman nan lojman abòdab tankou 30 milyon dola ki te anonse jodi a, New York ap pran yon lòt pa nan direksyon pou leve moun New York ki vilnerab yo anlè epi bay kay abòdab pou moun ki nan bezwen yo. Mwen remèsye Gouvènè a paske li bay finansman enpòtan sa a".

Senatè José M. Serrano te deklare, "Vil New York dezespereman bezwen lojman abòdab pou pwoteje moun ak fanmi ki vilnerab yo kont pwoblèm sanzabri ak deplasman. Yon envestisman nan lojman abòdab, ki estab pou vwazen nou yo se yon envestisman nan revitalizasyon kominote nou yo. Mèsi anpil a Gouvènè Cuomo pou finansman esansyèl sa a ke li bay ak angajman li pou ede moun New York ki nan nesesite retounen sou pye yo".

Manm Asanble Carmen Arroyo te deklare, "Eta New York ap fè fas a yon kriz lojman san presedan. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou gwo angajman li pou bati ak konsève dè milye de inite lojman atravè eta nou an, enkli nan Bronx ak espesyalman nan distri Bronx Sid mwen an kote bezwen an espesyalman anpil. Mwen pa ka tann pou m travay avèk Gouvènè a pou asire nou itilize tout resous ki disponib pou nou ka bay lojman san danje epi abòdab ki nesesè anpil nan kominote nou yo".

Manm Asanble Michael Blake te deklare, "Lojman abòdab enpòtan pou moun Bronx, e mwen rekonesan paske Gouvènè Cuomo envesti 30 milyon dola pou ede moun reyalize reyalite pwopriyetè kay Bronx lan. Soti nan Melrose Brook rive Simpson, kreye opòtinite pou fanmi ki gen revni ki ba ak mwayen nan Bronx lan gen sekirite lojman ki mennen a pwopriyetarya esansyèl. Pa gen moun ki ta dwe janm mande kote yo pral dòmi lannwit sa a, kote yo pral kwit pwochen manje yo oswa kote pitit yo ka chita pou fè travay lekòl yo. Finansman sa a pral chanje lavi pou moun New York yo, epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li kwè nan Bronx epi sipòte li".

Manm Asanble Marcos Crespo te di, "Finansman enpòtan sa a pral bay moun New York ki pi defavorize yo yon lojman ki an sekirite ak konfòtab. Anpil moun New York pral kapab chape anba sik pwoblèm sanzabri gras a inisyativ sa a. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li priyorize moun New York ki pi vilnerab yo avèk envestisman sa yo".

Manm Asanble Felix Ortiz te di, "Kriz lojman abòdab la mande pou aksyon imedya. Nou gen chans pou gen yon chanpyon tankou Gouvènè Cuomo, ki te fè li yon priyorite pou adrese pwoblèm kritik sa a pou pote kèk soulajman pou moun New York ki vilnerab yo nan rejyon an. Prim pou lojman ki bay sipò sa yo pa pral ede sèlman fè lavi moun miyò men pral fè rejyon nou an plis pwospè ak pi enklizif".

Manm Asanble Victor M. Pichardo te di, "Tout moun New York yo merite yon kote pou yo viv ki san danje epi abòdab.“Tout Nouyòkè merite yon lojman san danje. Finansman kritik sa pral ede asire ke tout moun New York yo, ki gen ladan kèk nan rezidan ki pi frajil nou yo, gen yon kote pou yo rele lakay kote yo ka asire sante ak

estabilite fanmi yo. Mwen apresye Gouvènè a epi mwen espere travay avèk li sou plis opòtinite pou lojman abòdab".

Manm Asanble Jose Rivera te di, "Gouvènè Cuomo ak Mwen menm rekonèt bezwen pou bay tout moun New York yo yon kote ki an sekirite e ki fyab pou yo rele lakay yo. Lojman abòdab enpòtan anpil pou ede rezidan New York yo simonte baryè enstitisyonèl ak sosyete yo epi pou asire yo kapab reyalize yon lavi miyò pou tèt yo ak fanmi yo. Mwen pral kontinye travay ansanm ak Gouvènè Cuomo pou ede pote sa kominote nou yo bezwen. Mèsi, Gouvènè Cuomo, pou envestisman enpòtan sa a ki pral vrèman ede fanmi New York yo".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU